


NeMutungamiri Thomas S. Monson



Ipa Nguva kuMuponesi

Yava nguva yeKisimusi zvakare, uye gore idzva richatanga muchinguva chipfupi. Zvinoratidzika sekunge ndinezuro chaiye patakanga tichipemberera kuzvarwa kweMuponesi uye tichimisa zvinangwa .

Pakati pezvinangwa zvedu zvegore rino, takamisa here chinangwa chekupa nguva muupenyu hwedu kuMuponesi uye nokukudziridza manzwiwo akasimba kwaAri? Zvisinei nekubudirira kwatingadai takaita kusvika iyezvino nechinangwa ichocho, ndine chokwadi kuti tose tinechido chekuchizadzikisa zvirinani. Mwaka weKisimusi uno inguva yakanaka yekuwongorora nekuvandudza kuedza kwedu.

Muupenyu hwedu hune zvekuita zvakananda, apo pane zvimwe zvinhu zvakananda zvikuru zvatinodawo kuita, zvakanakosha kuti tizvipire pakuedza nemwoyo wese kuunza Kristu muupenyu hwedu nemudzimba dzedu. Uye zvakanakosha kuti isu, seVachenjeri Vekumabva Zuva, tirambe takatarisa panyenyedzi Yake uye “touya kuzomunamata.”¹

Nemunhorondo yese, shoko kubva kuna Jesu rakanga riri rimwechetero. Kuna Petro naAndrea pamahombekombe eGarirea, Akati, “Nditevere.”² Kuna Firipi kwakauya daidzo yekuti, “Nditevere.”³ KumuRevi akanga agere panoterewa kwakauya murairo unoti, “Nditevere.”⁴ Uye kwauri nekwandiri, kana tikangoteerera chete, kunouya daidzo yekukoka imwechete: “Nditevere.”⁵

Apo patinotevera muenzaniso Wake nhasi, tichave nemikana yekuropafadza upenyu hwevamwe. Jesu anotikoka kuti tizvipire: “Tarisai Ishe vanoda mwoyo uye nepfungwa inoda.”⁶

Pane munhu waunofanira kushandira here Kisimusi ino? Pane munhu akamirira kushanya kwako here?

Makore akapfuura ndakashanyira panguva yeKisimusi kumba kweshirikadzi yakanga yakwegura. Pandakanga ndichimushanyira, mumwe munhu akaridza bhero repamusuwo. Pamusuwo ipapo pakamira chiremba anogara ane basa rakawanda uye anozivikanwa zvikuru. Akanga asina kunge adaidzwa; kunze kwaizvozvo, akanga anozvawana femero yekuti ashanyire murwere wake waairapa uyu akanga akasurukirwa.

Mumwaka uno weKisimusi, avo vasingakwanise kubuda mudzimba dzavo (nokuda kwekuremara kana zvinetso zveutano) vanodisisa zvakanakama kushanyirwa panguva yeKisimusi. Imwe Kisimusi pandakanga ndichishanyira nzvimbo inochengetwa nekutaririrwa vakakwegura kana vakaremaro, ndakagara ndikataura nemadzimai mashanu akangaakwegura, mukuru pakati pavo aiva nemakore zana nerimwechete. Akanga akapofomara, asi akaziva izwi rangu.

“Bhishopi, manonoka zvishoma gore rino!” akadaro. “Ndaifunga kuti hamusi kuzombouya.”

Takava nehurukuro yakanakama pamwechete. Mumwe murwere, zvisinei, aitarisa nechido chakanakama kunze nepafasitera uye achiramba achidzokorora adzokororazve kuti, “Ndinoziva kuti mwanakomana wangu achauya kuzondiona nhasi.” Ndakafunga kuti aizouya here, nokuti kwaive neimwe mwaka yeKisimusi yaakanga asina kumbozoshanya.

Ichiripo nguva gore rino yekupa rubatsiro, rudo, nemweya unoda—nemamwe mazwi, kutevera muenzaniso wakamiswa neMuponesi wedu uye nekushandira sekushandira kwaAngade kuti tiite. Apo patinoMushandira, hatizorasa mukana wedu, sezvakaita muchengeti weimba yevayeni wekare,⁷ wekupa nguva kwaAri muupenyu hwedu nekukudziridza manzwiwo akasimba kwaAri.

Tingakwanise here kunzwisisa vimbiso inoshamisa inowanikwa mushoko rengirozi rakapihwa kuvafudzi vaigara muuragu rinoti: “Ndinokuparidzirai mashoko omufaro mukuru. . . . Nokuti nhasi mazvarirwa Muponesi, ndiye Kristu Ishe?”⁸

Apo patinopanana zvipo paKisimusi, ndinovimba kuti tinozoyeuka, tinozoyemura, uye tinozogashira chipo chikurusa kupinda zvipo zvose—chipo cheMuponesi neMununuri wedu, kuti tigova neupenyu husingaperi.

“Ko zvinoyamureiko munhu kana chipo chikaiswa pari, uye iye akasagashira chipo? Tarisai, haafare muneicho chinopihwa kwaari, kana kufarira mune uyo anove ndiye mupi wechipo.”⁹

NgatiMutevereyi, tiMushandire, tiMukudze, uye tigashire muupenyu hwedu zvipo Zvake kwatiri, kuti tigozova, nemumazwi aBaba Rihai, “takakomberedzwa nokusingaperi mumaoko avo orudo.”¹⁰

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Mateo 2:2.
2. Mateo 4:19.
3. Johane 1:43.
4. Mateo 9:9.
5. Dzidziso neZvibvumirano 38:22
6. Dzidziso neZvibvumirano 64:34
7. Ona Ruka 2:7.
8. Ruka 2:10–11.
9. Dzidziso neZvibvumirano 88:33
10. 2 Nifai 1:15

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Mutungamiri Monson vanotikoka kuti “tizvipire, pakuedza nemwoyo wese kuunza Kristu muupenyu hwedu nemudzimba dzedu.” Funga kukurukura neavo vamunodzidzisa kuti vangaedza nemwoyo wese sei semunhu mumwechete uye semhuri. Ungangofunga kuvakumbira kuti vafunge mumwe munhu wavanoziva kana mhuri yavangakwanisa kushanyira kana

kushandira paKisimusi ino. “Ichiripo nguva gore rino yekupa rubatsiro, rudo, nemweya unoda.”

VECHIDIKI

Nzira dzekuShandira paNguva yeKisimusi

Mutungamiri Monson vanotora nguva yekushanyira vakwegura neavo vanochengetwa munzvimbo dzekutaririrwa, kunyanya panguva yeKisimusi Vakataura kuti kune avo vanofara nokuda kwekuti vakagashira vaenzi, asi vamwe vanongotarisa chete vaenzi vasingambouya. Kune vanhu vakamirira mumwe munhu—zvimwe Kisimusi ino, iwe ungakwanise kuva mumwe munhu iyeyo.

Zvinotevera udorongodzwa hwenzira shoma chete dzaunokwanisa kubatsira kuva nechokwadi kuti hapana mumwe anonzwa kuva ariega Kisimusi ino. Iva wakasununguka kufunga dzimwe nzira dzaungakwanisa kuratidza ushamwari kune avo vari munzvimbo maunogara mwaka uno. Pane munhu akamirira kushanya kwako here?

- Gadzira makadhi eKisimusi ekutumira kuvashumiri nenhengo dzisina kuroora kana kuroorwa nedzakwegura dzewadhi yako.
- Zvipire kushanda nevechirongwa chemunzvimbo maunogara.
- Ipa mabhuku aMormoni sezvipo zveKisimusi kushamwari dzako nevavakidzani.
- Shanyira vanhu vakwegura vemuwadhi kana vemumhuri yako.
- Gadzira zvinhu zvakanaka zvekuendesha kuvavakidzani vako.

VANA

Tevera Chiedza

Mushure mekunge Jesu azvarwa, Vachenjeri vakaMuigira zvipo. Vakatevera nyenyedzi itsva, yaipenya mudenga kuti vaMwane. Zvipo zvipi zvau-ngakwanise kupa Jesu Kisimusi ino?



Hunhu hwoHumwari hwaJesu Kristu: Ane Mwoyochena neTsitsi

Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga kuziva izvo zvekugovera. Kunzwisisa hunhu hweumwari hweMuponesi kumozowedzera sei rutendo rwako maAri nekuropafadza avo vaunotaririra kuburikidza nedzidziso yekushanyirana? Kuwana rumwe ruzivo, enda ku reliefsociety.lds.org.

Ruvimbo • Mhuri • Rubatsiro

Ichi chikamu chezvinyorwa zvinotevedzana zveMashoko eDzidziso yeKushanyirana zvinoratidza hunhu wehumwari hweMuponesi.

“**M**umagwaro matsvene, mwoyochena zvinoreva chaizvo ‘kutambudzika pamwechete nemumwe munhu.’ Zvinorevawo kuratidza urombo, tsitsi, nenyasha kuneumwe.”¹

“Jesu akatipa mienzaniso yakawanda yekuratidza mwoyochena,” vakadaro Mutungamiri Thomas S. Monson. “Murume akanga akaremara padziva reBetesda; mudzimai akabatwa mukufeva; mudzimai wepatsime raJakobo; mwanasikana waJairoso; Razaro, hanzvadzi yaMaria naMarta—mumwe nemumwe wavo akanga akaita semurume akanga akuvadzwa panzira yekuJeriko. Muwe nemumwe wavo aida rubatsiro.

“Kuchirema paBetesda, Jesu akati, ‘Simuka, tora nhovo dzako, ufambe.’ Kumukadzi akange azere nechivi kwakauya rairo yekuti, ‘Enda hako, usatadza zve.’ Kubatsira uyo akauya kuzochera mvura, Akapa tsime remvura, ‘inovaira kuupenyu husi-ngaperi.’ Kumwanasikana waJairoso akafa kwakauya rairo inoti, ‘Musikana, ndinoti kwauro, muka.’ Kuna Razaro aiva muguva akati, ‘Buda.’

“Muponesi akagara achiratidza kwaniso isina munganhu yemwoyochena. . . . Ngatizarurei musuwo wemwoyo yedu, kuti Iye—muenzaniso mupenyu wemwoyochena wechokwadi—agopinda.”²

Zvimwe Zvinyorwa Zvitsvene

Mapisarema 145:8; Zekaria 7:9; 1Petro 3:8; Mosaya 15:1, 9; 3 Nifai 17:5–7

Kubva muMagwaro Matsvene

“Murume wangu neni takapfugama parutivi pemwanasikana wedu aive nemakore gumi nema-nomwe uye tikateterera kuti araramiswe,” akadaro Linda S. Reeves, mutevedzeri wechipri muhutungamiri hukuru hweChita cheRubatsiro. “Mhinduro yakava kwete, asi tasvika pakuziva . . . kuti . . . [Muponesi] anonzwa mwoyochena kwatiri apo patinenge tichinzwa kusuwa.”³

“Imwe yenyaya dzandinodisisa kubva muupenyu hweMuponesi inyaya yaRazaro. Magwaro matsvene anotiudza kuti ‘Jesu aida Marta, . . . munin’ina wake [Maria], uye [hanzvadzi yavo] Razaro.’”⁴ Apo Razaro paakarwara, shoko rakatumirwa kuna Jesu, asi paAkasvika Razaro

akanga atofa. Maria akamhanyira kuna Jesu, akawira pasi patsoka Dzake, uye akachema. Jesu pa-kaona Maria achichema, “akafa neshungu mumweya, uye . . . akachema” (Johane 11:33, 35).

“Ndiri basa redu. Tinofanira kunzwa nekuona pachedu uye zvino tozobatsira vose vana vaBaba Vekudenga kuti vanzwe nekuona nekuziva kuti Muponesi wedu akatora paAri kwete chete zvivi zvedu zvose asiwo marwadzo edu nematambudziko edu nezvine-tso zvedu kuitira kuti Akwanise kuziva izvo zvatinonzwa nekuziva manyaradziro aAngatiita.”⁵

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Nhungamiri kuMagwaro Matsvene, “Mwoyochena”
2. Thomas S. Monson, “The Gift of Compassion,” *Liahona*, Kurume 2007, 4–5, 8.
3. Linda S. Reeves, “The Lord Has Not Forgotten You,” *Liahona*, Mbudzi 2012, 120.
4. Linda S. Reeves, “The Lord Has Not Forgotten You,” *Liahona*, Mbudzi 2012, 118.
5. Linda S. Reeves, “The Lord Has Not Forgotten You,” *Liahona*, Mbudzi 2012, 120.

Funga Izvi

Ndiyani angakwanise kuropafadza nemwoyochena wako?